

# CORONAVIRUS

## Pi bon fason an se prevansyon.



### Kisa CORONAVIRUS ye?

Li se yon viris ki lakòz maladi tankou rim ak pwoblèm respiratwa pi grav.



### Ki sentòm yo ye?

(O mwen yon siy oswa sentòm)



Lafyè, estèn, touse, difikilte pou pran souf, maltèt, feblès.

### Kijan li transmèt?

Transmisyon nouvo CORONAVIRUS la se soti nan yon moun ale nan yon lot moun, swa pa ti gout krache oswa pa kontak sekresyon ki kontamine, tankou:

- Ti gout saliv;
- Estèn;
- Tous;
- Kontak direk ak yon moun touchel oswa Bay la men.
- Kontak avek kote epi bagay nap sevi ki kontamine ki rive nan bouch, nen oswa zye.



Peryòd pou aparisyon sentòm yo se 5 a 16 jou.

### Ki jan yo anpeche CORONAVIRUS?

Ministè Sante a gide swen debaz pou diminye risk jeneral pou trape oswa transmèt enfeksyon respiratwa egi, tankou nouvo CORONAVIRUS la.

Pami mezi yo se:


- Lave men ou souvan avèk savon ak dlo pandan o mwen 20 segonn. Si pa gen dlo ak savon, sèvi ak alkòl jèl.




- Kouvri bouch ou ak nen ou lè wap touse oswa estèn ak yon mouchwa epi jete l nan fatra (poubèl).



- Evite manyen zye ou, nen ou ak bouch ou avèk men ki pa lave.



- Evite kontak ak moun ki gen sentòm yo.
- Kenbe chanm ou aryere ak fenèt yo louvri.



- Pa pataje bagay pèsònèl tankou manje ak gode.



- Netwaye epi dezenfekte tout bagay ak sifas ki souvan manyen yo.

